



Department of Human Service Programs

Ellen Semonoff, Assistant City Manager

City of Cambridge
51 Inman Street
Cambridge, MA 02139-1102
askdhsp@cambridgema.gov

voice: 617-349-6200
tty: 617-492-0235
fax: 617-349-6248

Mèsi pou enterè w pou Pwogram Preskolè DHSP-Vil Cambridge la! Lè w enskri pitit ou nan yon pwogram preskolè kalite, w ap ede prepare li pou Kindergarten ak plis ankò. Rechèch montre ke timoun ki patisipe nan gwo kalite pwogram preskolè genyen pi bon nivo nan mat, lang, ak konpetans sosyal lè yo antre nan nivo primè.

Tanpri ranpli fòm ki akonpaye dokiman sa a epi soumèt li pandan mwa oktòb la pou antre pitit ou nan Lotri Preskolè a. Li enpòtan pou w ranpli chak ling nan fòm nan yon fason pou nou jwenn mizasjou, enfòmasyon egzat epi pou nou ka kontakte w ak rezilta lotri a an desanm.

Anplis fòm aplikasyon an, w ap bezwen bay lòt dokimantasyon pou yo ka konsidere aplikasyon w lan konplè (yo site dokiman ki nesese yo sou lòt paj la). Tarif frè Preskolè DHSP nan yon echèl ki baze sou salè. Nou pral sèvi ak dokiman yo pou kalkile tarif frè yo ak detèmine si yon fanmi kalifye pou yon syèj priyorite nan youn nan sal klas nou yo.

Nan Pwogram Depatman Sèvis Moun nan, n ap fè anpil efò pou rann pwogram nou yo aksesib pou tout fanmi Cambridge. Nou aksepte bon epi nou ofri bous pou fanmi ki kalifye yo. Nan pake sa a w ap jwenn tarif frè aktyèl nou yo. Nenpòt fanmi ki genyen salè li a 100% HUD nan salè zòn medyan (\$102,000) oswa pi ba pral kalifye kèlke asistans frè lekòl. Montan asistans frè lekòl pral baze sou salè fanmi brit, gwose fanmi, ak difikile pèsònèl. Se kwayans nou ke resous fanmi yo pa ta dwe anpeche timoun Cambridge yo resevwa yon edikasyon preskolè kalite.

Nan aplikasyon ki an atachman yo, yo pral mande w pou w chwazi kantite lekòl preskolè pou pitit ou jan w vle. Tanpri chwazi sèlman pwogram ke w te enskri pitit ou lè yo rele w. Nou genyen 7 pwogram preskolè atravè Vil la epi yo tout se gwo kalite. Pwogram nou yo te resevwa gwo kalite evalyasyon atravè eta a epi te akredite nan NAEYC (National Association for the Education of Young Children (Asosyasyon Nasyonal pou Edikasyon Jèn Timoun)).

Si w genyen nenpòt kesyon sou lotri oswa preskolè nou yo, tanpri kontakte nou nan dhspreschools@cambridgema.gov oswa 617-349-6200 Si w bezwen asistans nan lang ou an ak pwosesis aplikasyon lotri a, tanpri kontakte Sant pou Fanmi yo nan 617-349-6385. Epi, mèsi pou enterè w nan pwogram preskolè yo. N ap tann ak enpasyans pou travay avèk ou ansanm ak fanmi w.

Ak tout kè mwen,

Meghan M. White, Chèf Divizyon
Sipò Swen Timoun ak Fanmi



Swen timoun ak Sipò Fanmi DHSP Pwosesis Aplikasyon Lotri Preskolè DHSP

1. Aplike an pèsòn nan dat 1ye - 31 oktòb

Kote pou w aplike	Kilè pou w aplike parapò ak kote w ye
Department of Human Service Programs (Depatman Pwogram Sèvis Moun) 51 Inman St., 3rd floor Cambridge, MA 02139	Lendi: 8:30 a.m. - 8:00 p.m. Madi - Vandredi: 8:30 a.m. - 5:00 p.m.
Center for Families (Sant pou Fanmi yo) 70 Rindge Ave. (back of building) Cambridge, MA 02140	Lendi - Vandredi: 9:00 a.m. - 4:30 p.m.
Cambridge Public Schools (Lekòl Piblik Cambridge) Sant Enskripsyon Elèv Cambridge Rindge & Latin School 459 Broadway Cambridge, MA 02138	Lendi - Vandredi: 8:30 a.m. - 3:30 p.m.

2. Ou dwe genyen kopi dokiman ki vini annapre yo pou w patisipe nan Lotri Preskolè DHSP a:

Tip dokiman	Egzanp dokiman
Aplikasyon lotri	<ul style="list-style-type: none"> Aplikasyon Lotri DHSP
Prèv Salè ak Gwosè Fanmi (Fanmi ki genyen yon Salè Brit ki depase \$204,000 pa bezwen pwouve salè paske y ap peye frè eskolarite ki pi chè a.)	<ul style="list-style-type: none"> Deklarasyon enpo AK 4 souch chèk pèman youn dèyè lòt (oswa dènye 30 jou yo) OSWA Lèt nenpòt avantaj w ap resevwa aktyèlman (TANF, SSI, SNAP, WIC, elatriye.)
Prèv Laj Timoun nan (Dat nesans ant 1/4/16 - 1/1/18)	<ul style="list-style-type: none"> Sètifika nesans OSWA Paspò timoun nan
Prèv Adrès*	Youn nan sa ki vini annapre yo: <ul style="list-style-type: none"> Kontra lokasyon Ipotèk Lèt founisè lojman Fakti sèvis piblik pou 2 dènye mwa yo Fòm Doublaj

* Anplwaye Cambridge ak Cambridge Public Schools (Lekòl Piblik Cambridge) ki pa rezidan Cambridge ta dwe bay prèv anplwa chak ane. Y ap evalye kapasite anplwaye Cambridge ak Cambridge Public Schools (Lekòl Piblik Cambridge) ki pa rezidan Cambridge pou antre nan lotri a chak ane.

3. Y ap enfòmè fanmi yo sou rezilta lotri a an desanm.

4. Si yo ofri w yon plas, ou dwe aksepte oswa refize plas la rive nan dat 31 janvyè.

5. Y ap ajoute tout fanmi yo pa bay plas nan preskolè nou an sou yon lis atant ki pral rete an plas jiska oktòb lòt ane a.

Is either guardian a full-time student? Yes ___ No ___

If yes, please list what degree or credential the guardian is working towards: _____

Does your child have an IEP (Individualized Education Plan) or a 504 plan? Yes ___ No ___

Did you child receive any Early Intervention Services? Yes ___ No ___

If yes, what type of services? _____

Child's Ethnicity (check all that apply):

___ Asian/ East Indian ___ Black/ African American ___ Hawaiian/ Pacific Islander

___ Hispanic/ Latino ___ Multi-Racial ___ Native American/ Alaskan

___ White/ Caucasian ___ Other: _____

Is English your child's first language? Yes ___ No ___

If no, what is your child's native language? _____

Do you currently have an EEC voucher? Yes ___ No ___

Does your family currently live in a Cambridge Public Housing (CHA) residence? Yes ___ No ___

Total number of people in your household: _____

Gross Annual Family Income:

___ \$0 - \$22,663 ___ \$22,664 - \$31,728 ___ \$31,729 - \$45,325

___ \$45,326- \$58,923 ___ \$58,924- \$72,520 ___ \$72,521 - \$90,650

___ \$90,651- \$122,400 ___ \$122,401 - \$153,000 ___ \$153,001- \$204,000

___ \$204,001 and above

Source of Income:

___ Full Time Work ___ Part Time Work ___ TANF

___ SSI/SSDI ___ SNAP ___ WIC

___ Other: Please list other source(s) _____

Parent/ Guardian Signature: _____ Date: _____

***Please remember: For your application to be considered complete, you must include the following documents:**

___ **Proof of income and family size:** Most recent tax return and 4 consecutive pay stubs. Current award letters for any benefits you are receiving (TANF, SSI, SNAP, WIC, etc.) can also be used to verify income.

___ **Proof of age:** Child's birth certificate or passport

___ **Proof of address:** Lease, mortgage, letter from housing provider, utility bill (within last 2 months), or doubling up form



Swen timoun ak Sipò Fanmi DHSP
Tarif Frè Lekòl Preskolè
Efektif: 1ye Septanm 2020 – 31 out 2021

Nan Department of Human Service Programs (Depatman Pwogram Sèvis Moun), n ap fè gwo efò pou nou rann pwogram nou an aksesib pou tout fanmi Cambridge. Nou kwè ke resous fanmi yo pa ta dwe anpeche timoun Cambridge yo resevwa preskolè kalite ak edikasyon aprè lekòl. Tout fanmi gen obligasyon pwouve yo kalifye pou tarif ki pi ba pase tarif ki pi wo nou an.

7 Preskolè Tan-Plen (Haggerty, Kennedy Longfellow, King Open, M.L. Kin, Morse, Peabody, ak Windsor) k ap fonksyone rive jiska 10 èdtan pa jou.

Salè Brit Fanmi an	Tarif Frè Lekòl Pa Jou	Tarif Frè Lekòl Pa Semèn	Mwayen Tarif Pa Mwa*
\$204 001 – pi wo	\$78.46	\$392.30	\$1,726.12*
\$153 001- \$204 000	\$62.77	\$313.85	\$1,380.12*
\$122.401- \$153.000	\$47.08	\$235.40	\$1,035.12*
\$102.001- \$122.400	\$37.66	\$188.30	\$1,726.12*
\$0- \$102.000	Baz tarif kotidyen pou frè lekòl se \$37.66. Tout fanmi ki genyen yon Salè Brit Fanmi ant \$0 - \$102,000 pral kalifye pou asistans frè lekòl. Kantite montan asistans yon fanmi resevwa baze sou salè brit fanmi an, gwochè fwaye a, ak difikilte pèsònèl.		

*Tarif pa mwa a ka varye soti nan yon mwa ale nan yon lòt sou baz kantite jou faktirab pa mwa. Kalkil nou pou mwayèn tarif pa mwa baze sou 22 jou faktirab.